jasaydı, bul óz xarakteri jaǵınan obzor sıpatında kózge túsedi. Obzorda avtor olardıń jetiskenligi, kemshiligi tuwralı óz oyları menen ortaqlasqan. Maqalanıń bunday formasınıń dástúrligin esapqa alsaq, bul da paydalı nárse. Avtor birqatar povestler haqqındaǵı pikirin janr máselesine baylanıslı qarastıradı, yaǵnıy povest janrına sáykesligi yamasa sáykes emesligi jaǵınan máselege qatnas jasaydı. Ekinshiden, povestlerdiń jámiyet turmısınıń házirgi kún ushın aktual bolǵan problemaların kóterip shıǵıwı hám «oqıwshılardıń názerin usı nársege awdarıp, úlken tárbiyalıq mektep dárejesin atqarıwı» jaǵınan bahalawǵa umtılǵan. Sóytip, belgili teoriyalıq, praktikalıq máseleni sheshiwge kiriskenligi quwatlawdı talap etedi. Sh.Seytovtıń «Qashqın» povesti ulıwma unamlı bahaǵa miyasar bolǵan shıǵarmalardıń biri. M.Nurmuxammedov usı povest arqalı oǵada tujırımlı formada «Jazıwshınıń sheberligi povestti qızıqlı etip shıǵarǵan. Eń aldı menen povesttiń kompoziciyasın kórsetiwi kerek: qızdıń tutqınnan qashıwın psixologiyalıq jaqtan súwretlew fonında qızdıń tutqınǵa deyingi ómir tariyxı, sezimleri, bastan keshirgenleri, talpınıwları kórkem túrde bayan etilgen» dep jazadı. K.Mambetovtıń «Prozadan izlengen soqpaq» [5] atlı maqalası bul shıǵarma haqqında ádewir tolıǵıraq maǵlıwmat beredi. Povesttiń romantikalıq ruwxına sáykes maqalada tap sonday bir kóterińkilik, jazıwshıǵa úlken isenim, geyde tereń sırlasıw baǵıtında jazılǵanında ǵana emes, al «usı momentler ushın bolǵanda» degen hám oǵada durıs sezgirlik penen jazılǵanın kóriwge bolar edi. «Qashqın» povestin oqıp otırıp, - deydi K.Mambetov, - avtor óz soqpaǵın prozadan tapqan eken-aw, degen pikirge kelip qaldım…Ol tábiyat kartinaların sızıwǵa beyim shayır. Onıń házirgi prozasın oqıp poeziyasına qaraǵanda ústem ekenligin moyınlaw kerek». Kritik povesttegi xarakterli momentlerdi mısal ushın orınlı tarta bilgen, usınday temaǵa jazıwshınıń qáleminiń júyrikligin súwretlewdiń originallıǵın, ráń-báreń boyawlardıń qıyıwın tawıp qulpırıwın, eki qolı baylanıp atqa óńgerilgen qızdıń tragediyasın ózinshe bir tartımlılıq penen súwretleydi. Espe qumda qashıp baratırǵan Nesibeli, quwǵınshı Qanlıqılısh, onıń izinen quwǵan Durdı háreketleri oqıwshınıń kóz aldında janlı kartina bolıp elesleydi de turadı. Biziń kóz aldımızǵa qashqın ǵana emes, al úyirinen adasqan, usha-usha qanatları talıp, zárre dem alıw ushın gezlesken kólge shomılıp atırǵan quwǵa, japadan-jalǵız adasqan aq quwǵa megzep ketken súwret bar. Usı jerde M.Nurmuxammedovtıń, «Meninshe povesttiń burıńǵı atı jaqsıraq edi, eń baslısı bul Sh.Seytov tvorchestvosınıń romantikalıq ruwxına sáykes edi» degen pikirdiń biykarǵa aytılmaǵanlıǵın moyınlawǵa boladı. Povest tuwralı K.Mambetovtıń Qanlıqılısh, Durdı, Nesibeli xarakterindegi motivirovkalardıń jetispewshiligi boyınsha pikirlerine qosılıw kerek. S.Bahadırova bolsa usı povestler haqqındaǵı maqalasın «Proza tilindegi poeziya» [6] dep ataǵan.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda til kórkemligindegi sheberlik, qurılısındaǵı jıynaqlılıq, syujet jemisindegi tábiyǵıylıq jáne povestlerdi poema sıyaqlı bir pútin juwmaqlanǵan iri povestlerdiń tilinde ǵana emes, barlıq syujetlik aǵımı názik lirikalıq qosıq sıyaqlı povestlerdiń hárbir qatarında koriwimiz mumkin. Jazıwshı tilinde epikalıq shınlıq ózinshe tolǵandıra alǵan povestlerin proza tilindegi lirikalıq poema dewge boladı.

**Ádebiyatlar**


1. Allambergenov K. Iǵbal soqpaqları. // «Ámiwdárya», 1989, №1.
2. Nurmuxammedov M.K. Seytov Sh. «Qashqın» povesti haqqında. // «Ámiwdárya».№ 10. 1970.
3. Maqsetov Q. Realizm menen tolıp ketken dóretpe. // «Ámiwdárya». №6 .1984.
4. Esenov J. Sheberliktiń sırları. -Nókis: «Qaraqalpaqstan». 1986. 83-86-b.
5. Мамбетов К. Прозадан изленген соқпақ. // «Ámiwdárya». -Nókis: 1987. №9.
6. Бахадирова С. Проза тилиндеги поэзия. / «Erkin Qaraqalpaqstan», № 250, 1987.



**REZYUME.** Maqolada yozuvchi Sh.Seytovning badiiy mahorati haqida fikr yuritiladi. Xususan, syujet qurishdagi izlanishlari batafsil tahlil qilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается художественное мастерство писателя Ш.Сеитов в прозе. В частности, будут подробно проанализированы их исследования в области построения сюжетов.

**SUMMARY.** The article discusses the artistic skills of the writer Sh.Seitov in prose. In particular, his research into plot construction is analyzed in detail.


## QARAQALPAQ XALÍQ MIFOLOGIYALÍQ ÁPSANALARÍNÍŃ TEMATIKALÍQ KLASSIFIKACIYASÍ


**G.S.Qalbaeva** – *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** mifologik afsonalar, g'oyaviy-mavzuviy yo'nalishlar, kalendar, etiyologik, utopik, kosmogonik, janriy-mavzuviy tasnif, badiiy xususiyatlar.

**Ключевые слова:** мифологические легенды, идейно-тематическая направленность, календарная, этиологическая, утопическая, космогоническая, жанрово-тематическая классификация, художественные особенности.

**Key words:** mythological legends, ideological and thematic focus: calendar, etiological, utopian, cosmogonic; genre and thematic classification, artistic features.


**Kirisiw.** Qaraqalpaq folklortanıw iliminde jaqın kúnlerge shekem qaraqalpaq ápsanalarınıń tariyxıy dereklerin, janrlıq belgilerin, kórsetiw, sonday-aq olardı óz ishinde janrlıq-tematikalıq túrlerge jiklew boyınsha izertlew jumısları bolǵan joq. Globallasıw procesi keskin túrde kúsheyip baratırǵan házirgi dáwirdegi siyasiy-mádeniy rawajlanıwdaǵı folklor dástúrleriniń ornın belgilew zárúrligi janrlar teoriyası boyınsha izertlewler kólemin jáne de keń en jaydırdı. Nátiyjede xalıq awızeki doretiwshiligi janrlarınıń, sonıń ishinde xalıq ápsanaların ideyalıq mazmunı boyınsha klassifikaciyalaw, epikalıq syujet hám motivleriniń salıstırmalı-tipologiyalıq tábiyatın, tariyxıy-genetikalıq tiykarların úyreniwge qaratılǵan jańa teoriyalıq kózqaraslar júzege keldi. Xalıq prozasın izertlewge arnalǵan zamanagóy ilimiy koncepciyalar qaraqalpaq xalıq ápsanalarınıń genezisi, janrlıq hám kórkemlik ózgesheliklerin sistemalı túrde úyreniw imkaniyatın berdi.

**Ádebiyatlar analizi hám metodologiya.** Jáhán xalıqlarınıń sonday aq ǴMDA xalıqları folklortanıw iliminde ápsanalardı (legenda) tematikalıq principi boyınsha túrlerge ajıratıw, olardıń hárbiriniń ózine tán belgilerin úyreniw tájiriybeleri bar. Dargin ańız hám ápsanaların tematikalıq baǵdarı boyınsha E.Alieva [1], buryat ańız hám ápsanaları boyınsha S.S.Bardaxanova [2], qalmaq xalıq legendaların klassifikaciyalaw boyınsha D.E.Basaev [3], qazaq ápsanaları boyınsha S.Qasqabasov [11], E.Tursunov [14], G.N.Potaninlerdiń [12] izertlew jumısları alıp barılǵan.

Sońǵı waqıtlarda ózbek folklorshı alımlarınıń izertlew jumıslarında ápsanalardıń tematikalıq túrleri óz aldına ilim izertlew obyektine aylana basladı. Buǵan M.Juraev [6,7,8], K.Imomov [5], M.Rizaevalardıń [13] izertlew jumısların atap ótsek boladı. Usı izertlewlerdegi teoriyalıq pikirlerdi basshılıqqa alǵan halda qaraqalpaq xalıq ápsanaların ideyalıq-tematikalıq baǵdarları boyınsha tematikalıq túrlerge bólip úyreniw folklortanıw ilimindegi áhmiyetli máselelerdiń biri sanaladı.

Izertlewdiń júzege keliwinde – tipologiyalıq, tariyxıy-genetikalıq, salıstırma-tariyxıy, strukturalıq analiz metodlarınan paydalanıldı.

**Talıqlawlar hám nátiyjeler.** Qaraqalpaq xalıq ápsanalarınıń tematikalıq túrleriniń ishinde mifologiyalıq ápsanalar ideyalıq mazmunı hám tematikası boyınsha júdá bay hám oǵada qızıqlı. Olardıń ideyalıq mazmunında xalıq turmısınıń barlıq máselelerine baylanıslı waqıyalar sóz etiledi. Mifologiyalıq ápsanalar – bular ápsanalardıń erte dáwirlerde payda bolǵan túrleri. Olar ertedegi miflerden saǵa alıp áyyemgi urıwlıq-qáwimlik jámiyet adamlarınıń eski úrp-ádet, dástúrlerin, dúnyaqarasların, bolmıs, qorshaǵan dúnya, jámiyet nızamlılıqların hám jaratılıs haqqındaǵı túsinik hám isenimlerin miflik sanada túsindiriwge qaratılǵan áńgimeler quraydı.

Folklorshı alımlar bul túrdegi ápsanalardı ápsanalardıń ayırıqsha bir túri sıpatında qarap, olardı “mif zaminida yuzaga kelgan mifologik afsonalar” [5:68], “miflesken ápsanalar” [10:5] dep ataydı. Biraq bunday ápsanalar miflerdiń kóshirmesi emes. Xalqımız ásirler dawamında miftegi tayar materialdı ózleriniń dúnya tanımı, jasaw tárizi, milliy sana-sezimi, psixologiyası menen baylanıslı halda, sonday-aq dáwir tuwdırǵan shárt-sharayatlarǵa sáykelestirip, sociallıq-jámiyetlik talqıda, estetikalıq jóneliste, kórkem obrazlar járdeminde qayta islep shıqqan. Miftiń wazıypası sebep-túsindirmelilik, yaǵnıy dúnyanıń, aspan menen jerdiń jaratılıwı, adamnıń payda bolıwı menen ańlar, quslardıń shıǵıw tegin hám minez-qulıq ózgeshelik sebeplerin túsindiriwdi maqset etedi. Al, mifologiyalıq ápsanalardıń alıp júretuǵın júgi, wazıypası mifke qaraǵanda kóbirek. Óytkeni, mifologiyalıq ápsanalar qanday da bir nárseniń payda bolıw sebebin túsindiriw menen birge oǵan qosımsha mazmun, wazıypa júklep, sociallıq-jámiyetlik oy juwmaqların jasaydı.

Folklorshı alım K.Imomov mifologiyalıq ápsanalar haqqında: “Mifologiyalıq ápsanalar eń dáslep jaratılǵanlıǵı, ertedegi urıw, qáwimlerdiń hár qıylı qudaylarǵa, táńirlerge, pirlerge sıyınıw, tabınıwı menen baylanıslı payda bolǵan isenimlerdi bayanlawı menen ajıralıp turadı. Bul dúrkimge tiyisli ápsanalarda waqıyalardı úlken suw, topan, ot penen baylanıstırıw, ǵayrı tábiyiy kúshler, úlken adamlar haqqında bayan etiw, pirler káramatlı táńirlerge isenim, tabınıw menen baylanıslı waqıyalardı bayanlaydı. Sonday-aq mifologiyalıq ápsanalar kosmos áleminiń payda bolıwı, jer júzinde tirishiliktiń baslanıwı haqqında bayan etedi” dep sıpatlama bere otırıp, mifologiyalıq ápsanalardı mazmunı hám obrazlar jelisine qaray: 1. Quday, pirler haqqındaǵı ápsanalar; 2. Etiologiyalıq ápsanalar; 3.Ata-babalar kultine tabınıw menen baylanıslı ápsanalar degen tematikalıq túrlerge ajıratadı. Jáne de ol bul túrdegi ápsanalardıń obrazların atqaratuǵın xızmeti hám mazmunı boyınsha tómendegi toparlarǵa bóledi: 1. Jaratıwshılıq xızmetine iye budlar, táńirler. Olarǵa Xumay, Anaxita, Mirrix, Mitra, Kayumars, Yima(Jamshid), Nahit obrazların kirgizedi. 2. Qáwenderlik wazıypasın atqarıwshı pirler, áwliyeler. Olarǵa Hubbi, Shopan ata, Qambar, Qıdır ata obrazların kirgizedi [5:69].

Professor M.Juraev óziniń izertlew jumısında ózbek mifologiyalıq ápsanaların tómendegishe klassifikaciyalaydı: kosmogonik ápsanalar; antropogenik ápsanalar; etnogenetik ápsanalar; zoobtanimik ápsanalar (jániwarlardıń payda bolıwı haqqındaǵı ápsanalar; ósimliklerdiń payda bolıwı haqqındaǵı ápsanalar, degen ishki bóliniwleri menen) [6:50].

Usı klassifikaciya úlgilerindegi ilimiy-teoriyalıq hám ámeliy dáreklerge súyengen halda qaraqalpaq **mifologiyalıq ápsanaların** da ideyalıq mazmunı, tematikası boyınsha tómendegidey tematikalarǵa bólip úyreniwqe boladı. **1.1.Antropologiyalıq ápsanalar**– bular jer betindegi dáslepki adamnıń jaratılıwı haqqındaǵı ápsanalar; Olarga “Adam ata hám Hawa ene”, “Adam áleyhissalam qıssası” ápsanaları hám t.b. kirgiziwge boladı.

**1.2. Etiologiyalıq ápsanalar** – bular quslardıń, haywanlardıń, ósimliklerdiń hám olardaǵı ózinshelik belgilerdiń payda bolıwı haqqında sóz etetuǵın ápsanalar. Adamlar haywanatlardaǵı, quslardaǵı (ósimlik) ayırım belgilerdi, qılıq hám is-háreketlerindegi ózgesheliklerdi baqlawı nátiyjesinde “solay bolǵan eken” degen boljawlar menen túsindiriwge háreket etken. Máselen “Sasıq ópepek” degen ápsanada ópepek degen qustıń basındaǵı patshalardıń tajına uqsas kekili bolǵanlıǵı sebepli ol haqqında mınaday ápsana dóretilgen: Toǵaydaǵı haywanlar ózlerine arıslandı patsha etip saylaptı. Bunı kórgen quslar da ózlerine patsha saylamaqshı bolıptı. Olar oylasıp, keńesip ópepekti patsha etip saylaptı. Onıń wázirleri ǵarǵa menen hákke eken. Kúnlerden bir kúni quslar ópepekte jaman, sasıq iyistiń bar ekenligin sezip qalıptı. Ópepek qansha juwınbasın ústindegi sasıq iyisti ketire almaptı. Sóytip quslar kemshiligi bar qus patsha bola almaydı dep onı patshalıqtan shıǵarıp, ornına búrkitti saylaptı. Ópepek taxttan tússe de basındǵı tajın bermey, ushıp ketipti. Elege shekem tajdı búrkitke bermey, qashıp júr eken.

Ápsanda áyyemnen kiyatırǵan “múshesinde kemisi bar adamnıń taxtqa otırıwǵa bolmaydı” degen eski túsinikler engizilip, waqıyalar turmıslıq haqıyqatlıqqa jaqınlastırılǵan. Sonlıqtan da bul áńgimeni miflerge emes, ápsanalarǵa jatqaramız. Bunday ápsanalar qatarına “Sulayman patsha hám bayıwlı”, “Qara shoshqa” “Qarlıǵash”, “Keklik”, “Kepter qus”, “Bayıwlı”, “Saq-saq”, “Gum-gum”, “Altın kóz” (shıbın túri),” «Xanqızı”, “Jarǵanat”, “Qoyannıń erni nege jırtıq”, “Pıshıqlar ne sebep awqatlanıp bolıp juwınadı” hám t.b. ápsanalardı jatadı.

**1.3. Kosmogoniyalıq ápsanalar** – bular aspan deneleri, olardıń is-háreketleri haqqında, ay, quyash, juldızlardıń payda bolıwı haqqında sóz etiwshi ápsanalar; Bunday ápsanalarǵa “Jeti qaraqshı”, “Qus jolı”, “Temir qazıq

juldızı", "Ay menen quyashtıń sulıwlıq jarıstırıwı", "Aydıń beti nege jırtıq", "Shiyrın qız", "Sholpan menen Urkerdiń tartısı", "Urkerdiń sińlisi", "Ay menen kún" ápsanaların jatqarıwǵa boladı. Professor M.Juraev ózbek xalıq kosmogoniyalıq ápsanalarınıń ózine tán bolǵan poetikalıq sistemasın, tariyxıy-mifologiyalıq tiykarların izertley otırıp, túrkiy hám jáhán xalıqları folklorındaǵı kosmogoniyalıq ápsana syujetleri menen salıstırmalı-tipologiyalıq jaqtan analiz etedi hám olardı tematikalıq principi boyınsha klassifikaciyalaydı. Alımnıń pikirinshe, "samoviy afsonalarning yuzaga kelishi va poetik evolyuciyasida qadimgi ajdodlarimizning kosmogonik tasavvurlari ilk semantik asos vazifasini ótagan" [6:56] degen pikirlerdi bildiredi. Bunday ápsanalar qatarına Jeti qaraqshı, Temir qazıq, Hulkar, Zuhra, Qus jolı, Ay hám quyashtıń tutılıwı, Gúldirmama hám shaqmaq, Quyın haqqındaǵı ápsanalardı kirgize otırıp, olardıń hárbirin analiz etedi.

Qaraqalpaqlar arasında da áyyemgi ata-babalarımızdıń aspan álemi haqqındaǵı eń dáslepki kózqarasları tiykarında payda bolǵan kosmogoniyalıq ápsanalar aytıladı. Máselen, "Qus jolı" degen ápsanada aytılıwınsha, burınǵı waqıtta Alańǵasar degen boyı asapanǵa tiyeyin dep turǵan adam jasaǵan eken. Ol boyınıń úlkenliginen kóp qıynalar eken. Sebebi ol bası aspanǵa tiyip, onı tesip almawı ushın, bárhama moynın eńsesine tartıp júredi eken. Bir kúni moynı awırıp, basın sál ǵana kótergen eken, abaysızda onıń bası aspanǵa tiyip ketip, aspannıń kóp jerin sırıp ketipti. Házirgi qus jolı sol dáwdiń bası tiyip sırıp ketken jerdiń ornı eken – dep aytıladı.

**1.4. Táńirler, qáwender kultler, tábiyat kultleri hám ruxlar haqqındaǵı ápsanalar.** Bunday ápsanalar erte dáwirlerde qanday da bir zatlardı muqaddes bilip, oǵan tabınıw tiykarında payda bolǵan tábiyat kultleri, jaratıwshılıq xızmetine iye qudaylar, budlar, táńirler (Qumay, Anaxita, Mirrix, Mitra, Kayumars, Yima (Jamshid, Nahit), qáwender pirler, kásip pirleri, áwliyeler (Hubbi, Shopan ata, Dawıt ata, Záńgi baba, Qambar, Qıdır ata) haqqındaǵı ańgimeler bolıp tabıladı. Olar ertedegi animistlik, totemlik, shamanlıq, zardushtlıq diniy isenimler menen birge hárqanday nárseniń óz jaratıwshısı boladı degen túsiniklerge tiykarlanǵan qıyalıy toqıma syujetlerge qurılǵan. Buǵan Aydar babanıń samaldıń piri, Sulaymannıń, Húbbiniń suwdıń piri bolǵanlıǵı haqqındaǵı isenimlerge baylanıslı dóretilgen ápsanalardı, sonday-aq, "Áyyem kempir", "Aydar baba", "Sulaymannıń jer astı hám jer ústine patshalıq etiwi", "Ámudáryaǵa Húbbiniń qáwenderlik etiwi" hám t.b. áńgimelerdi jatqarıwǵa boladı.

**1.5. Kalendarlıq ápsanalar.** Bunday ápsanalarǵa jıl pasıllarınıń almasıwındaǵı belgili múddetler, miynet máwsimi menen baylanıslı dáwir atamalarınıń kelip shıǵıwı, sonday-aq aylar, kún hám tún hám t.b. waqıt esaplawınıń hár qıylı ámelleriniń kelip shıǵıwı, waqıt penen baylanıslı máresim, bayram sáneleri, xalıq seyilleriniń kelip shıǵıwı haqqında sóz etiwshi áńgimelerdi kirgizemiz. Áyyemgi adamlar waqıttı esaplawdıń hár qıylı ámellerinen paydalanǵan. Máselen, kúndelikli turmıs tirishiliginde diyxanshılıq etiw, óriske mal aydaw, ańshılıq, balıqshılıq etiw, saparǵa shıǵıwsıyaqlı máwsimlik jumısların júrgiziwde olar jıl pasıllarınıń almasıwında hawa rayındaǵı ózgerisler, ay, kún, túnniń almasıwında júz beretuǵın qubılıslardı, ásirese, aspan deneleriniń (ay, quyash, juldız) is hárketlerin baqlay otırıp, is qılǵan. Tábiyattaǵı bul sırlı hádiyselerdi basqarıwshı qanday da bir kúshlerdiń bar ekenligine isengen. Sol tiykarda waqıttı basqarıwshı táńirler, tábiyat kultleri haqqındaǵı miflerdi jaratqan. Kalendarlıq ápsanalardıń eń eski túrleri usı tábiyat kultleri haqqındaǵı mifler menen tamırlas.

M.Rizaeva ózbek kalendar ápsanaların ideyalıq-tematikalıq mazmunına qaray eki túrge bólip úyrenedi: 1. Waqıt esabınıń kelip shıǵıwı (kalendar) hám jıl pasılları, aylar, kún, tún esabı haqqındaǵı kalendarlıq-mifologiyalıq ápsanalar; 2. Kalendarlıq waqıt esabı menen baylanıslı máresimler, dástúr hám bayramlar haqqındaǵı kalendarlıq-mifologiyalıq ápsanalar [13:80-85].

Máwsimler almasıwı aralıǵında hawa rayında ózgerisler menen ótetuǵın, xalıq arasında "Ayamawız", "Bes qonaq" dep at penen atalatuǵın múddetli kúnler bar. Bul múddetli kúnlerde hawanıń málim dárejede suwıq bolıwı, ızǵırıq samal esiwi, jamǵır, hátteki, qar jawıwı múmkin. Xalqımız bunday qolaysız kúnlerge "ayamawız altı kún, altı ay qıstan qattı kún", yamasa "ayamawız altı kún, qáhári kelse qattı kún" degen táriyplerdi beriw menen birge, hawa rayında ne sebep usınday qubılıslar júz beriwi hám ne ushın "ayamawız" dep atalıwınıń sebepleri haqqında hár qıylı ápsanalar dóretken. Bul ápsanada Ayamawız degen kempir tábiyattı basqarıwshı rux (kult), yaǵnıy toqsan kúnlik qıstı basqarıwshı kúsh sıpatında háreket etedi.

Báhárdiń dáslepki kúnlerinde kún birden jılıtıp, qaytadan 5-6 kún múddette bolıp ótetuǵın ızǵırını ayaz mine, usı Ayamawız kempirdiń aydaǵan suwıǵı eken, degen túsiniklerdi keltiredi.

Nawrız bayramı da kalendarlıq waqıt esabı menen baylanıslı máresim, xalıq seyilleriniń biri. Bul bayram kúnniń payda bolıwı haqqında xalqımız arasında bir qansha ápsanalar dóretilgen. Nawrız bayramınıń da dóreliw tórkinleri eń ertedegi ata-babalarımızdıń politeistlik túsinikleri, máselen, aspan, quyash, jerge bolǵan isenimleri tiykarında payda bolǵan. Qaraqalpaq xalqı arasında saqlanǵan Sulayman patsha haqqında ápsanalardıń birinde sóz etiliwinshe, Sulayman patshanıń Angushtar degen káramatlı júzigi joytılıp, ol patshalıq húkimdarlıǵınan ayırılıwı, júzik tabılǵannan soń ol qaytadan patshalıq dástine qaytıwı, sol kúndi onıń xalqı "jańa kún keldi" dep bayram sıpatında belgilewi aytıladı. Bul kún "Nawrız", yaǵnıy "jańa kún" degendi ańlatadı. Jáne bir ápsanalarda bolsa, bul bayram sánesiniń Jámshidtiń atı menen, ottıń payda bolıwı menen baylanıstırıladı.

Bunnan basqa da xalqımız arasında Islam dininiń kirip keliwi menen onıń nızam hám qaǵıydalarına muwapıq kelip shıqqan dástúr hám máresimler, bayramlar bar. Bunday dástúrler, máresimler hám bayramlar da kalendarlıq waqıt esabı menen júrgizilip, bul sánelerdiń payda bolıwı haqqında sóz etiwshi kalendarlıq-mifologiyalıq ápsanalar júdá kóp. Máselen, qurban hayt bayramınıń kelip shıǵıwı hám onı bayramlaw sánesi, oraza tutıw ayınıń kelip shıǵıwı hám onıń múddetleri, oraza-hayt kúnin bayramlaw, qádir túnin kútiw, sapar ayında islenetuǵın máresimler, hám t.b. "Jılǵa talasıw","At qalay jıl esabına ilingen" degen ápsanalarda tariyxta bolǵan waqıyalardıń waqtın belgilew, waqıt esabın júrgiziw, adamnıń jasın hám tuwılǵan waqtın belgilew zárúrúrliklerine baylanıslı payda bolǵan.

**Juwmaq**. Joqarıda kórip ótkenimizdey, qaraqalpaq xalıq ápsanaları sóz etiletuǵın waqıyalarınıń ideyalıq mazmunı hám tematikası boyınsha júdá bay hám oǵada qızıqlı. Olar xalqımızdıń uzaq ásirlerden berli qáliplesken turmıslıq tájiriybeleri tiykarında toplaǵan danıshpanlıq

oylarıń, sociallıq-jámiyetlik turmısın, mádeniyatın, ótmish tariyxın, qorshaǵan dúnya haqqındaǵı elesletiwlerin, dúnyaǵa kózqaraslarıń, diniy isenim, úrip-ádet dástúrlerin hám keleshek haqqındaǵı arzıw-ármanlarıń, boljawlarıń sáwlelendirilgen. Usı jaǵınan olar basqa xalıqlardıń semyalıq-turmıslıq dástúrlerinen ajıralıp turatuǵın turmıs-saltınıń, diniy kózqaraslarınıń hám qádriyatlarınıń sáwleleniwi jaǵınan basqa xalıqlardıń ápsanalarınan ajıralıp turadı.

**Ádebiyatlar**


1. Алиева Ф.А. Этнонациональные особенности даргинских преданий и легенд: Автореф. дисс. канд. филол. наук. – Махачкала: 2008.
2. Бардаханова С.С. Система жанров бурятского фольклора. -Новосибирск: Сибирское отделение, 1992. -С.94-95.
4. Басаев Д.Э. Калмыцкие народные легенды и предания: Дис...... канд. филол. наук. –Элиста: 2009. –С.175.
5. Imomov K. Mifologik afsonalar// Ózbek tili va adabiyoti. – Toshkent: 2008. № 6.
6. Juraev M. Ózbek xalq samoviy afsonalarining tarixiy asoslari: Filol. fan. dokt. ... diss. –Toshkent: 1996.
7. Juraev M., Shomusarov Sh. Ózbek mifologiyasi va arab folklori. – Toshkent: “Fan”, 2001. 165-b.
8. Juraev M., Norziqulov M. Mif, folklor va adabiyot.–Toshkent: “Fan”, 2006. 183-b.
9. Казахский фольклор в собрании Г.Н.Потанина. – Алма-Ата: 1972.
10. Qaraqalpaq folklorı:100 tomlıq. – Nókis: “Ilim”, 2014. T. 77–87. 5-b.
11. Qasqabasov S. Qazaqtıń xalıq prozası. – Almatı: “Ǵılım”, 1984.
12. Прозаические жанры русского фольклора: Хрестоматия// 2-е изд. – М.: “Высшая школа”, 1983. – С 168.
13. Rizaeva M. Tavqim bilan boǵliq mifologik afsonalar. // O‘zbek tili va adabiyoti. –Toshkent: 2011. №1. 80-85-b.
14. Турсунов Е. Казакские сказки о животных: легенды, предания, бытовые рассказки, сказки и басни. – Алма-Ата: 1979. – С. 203-210.



**REZYUME.** Maqolada qoraqalpoq mifologik afsonalarining g‘oyaviy-mavzuviy yo‘nalishlarining tasnifi amalga oshirilgan. Ularning g‘oyaviy-mavzuviy yo‘nalishlari bo‘yicha turlarinig o‘ziga xos badiiy xususiyatlari ochib berildi. Shuningdek, mazkur mifologik afsona qoraqalpoq xalq og‘zaki ijodining o‘ziga xos turi ekanligini, xalqimiz hayotining tarixini, inson va milliy ongning shakllanish va rivojlanish bosqichlarini qadim zamonlardan to hozirgi kungacha aks ettiruvchi, afsona va urf-odatlarning rivojlanish yo‘llarini ko‘rsatganligini tasdiqlashdan iborat.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлено классификация каракалпакских мифологических легенд по их идейно-тематической направленности. Усилилась художественная специфика их жанров с точки зрения идейно-тематической направленности. Также ставится задача подтвердить, что этот мифологических легенд является особым видом каракалпакского фольклора, отражающим историю жизни нашего народа, этапы становления и развития человеческого и национального сознания, с древнейших времен до наших дней, показывая пути развития легенд и преданий.

**SUMMARY.** The article provides a classification of Karakalpak mythological legends according to their ideological and thematic focus. The artistic specificity of their genres has increased in terms of ideological and thematic focus. The task is also to confirm that this mythological legend is a special kind of Karakalpak folklore, reflecting the history of the life of our people, the stages of formation and development of human and national consciousness, from ancient times to the present day, showing the paths of development of legends and traditions.


## ТҮРКИЙ ФИЛОЛОГИЯ ИЛИМИНДЕГИ БЕЛГИЛИ ТУЛҒА


**Ы.А.Қуттымуратова –** *филология илимлери бойынша философия докторы, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** тюркология, қозоқ тилшунослиги, семантика, тил ва маданият, миллий код, семантик аспект, компонент.

**Ключевые слова:** тюркология, казахский языкознание, семантика, язык и культура, национальный код, семантический аспект, компонент.

**Key words:** Turkology, Kazakh linguistics, semantics, language and culture, national code, semantic aspect, component.


**Кирисиў.** Бүгинги күнде түркий филологиясын әлемге танытыўда бир қатар илимпазлар озық ойы, салмақлы илимий мийнетлери менен көзге түспекте. Олардан Қазақстан Республикасы Әл-Фарабий атындағы Қазақ мәмлекетлик университетиниң профессоры, филология илимлериниң докторы Салқынбай Анаркүл Бекмырза қызы болып есапланады. Оның өмир ҳәм мийнет жолына итибар бергенимизде, әпиўайы қазақ шаңарағында 1962-жылы 22-августта Қызылорда областы, Шиели районында туўылған. С.М.Киров атындағы Қазақ мәмлекетлик университетин 1985-жылы тамамлаған. 1991-жылы «Фейилдиң семантикасы ҳәм функциясы» деген темада кандидатлық, 1999- жылы «Тарийхый сөз жасалыў. Семантикалық аспект» темасында докторлық диссертациясын қорғаған. 2002-жылы Қазақстан Республикасы Билим ҳәме илим министрлиги Жоқарғы Аттестациялық Комиссиясының шешими менен профессор атағын алды. 37 жылдан аслам ўақыттан берли илимий бағдары бойынша шуғылланып келмекте, үлгили мийнет тәжирийбесине ийе.

**Илимий мийнетлер**. Илимий жумысларының тийкарғы объекти қазақ тилиниң тарийхына, сөз жасалыў системасына, морфологиясына, ески түркий естеликлерин миллий дүньятаным менен байланыстырып қарастырыўға, қазақ мәдениятының әлем мәдениятындағы орны менен өзгешеликлерин, тил ҳәм мәдениаттың байланысын, тилде сақланған руўхый мәдениаттың мазмуны арқалы миллий дүнятанымды қәлиплестириўдеги хызметин анықлаўға, қазақ тилиниң